# СЕЙФУЛҒАБИТ АБДУЛМАЖИТ УЛЫ: ӨМИР МӘЎРИТЛЕРИ, ТАРИЙХЫЙ-АҒАРТЫЎШЫЛЫҚ КӨЗ ҚАРАСЛАРЫ

**Зухра Абдуллаева**
*НМПИ тарийх кафедрасы окытыўшысы*

**Лала Нуратдинова**
*«Алтын қалем» ийеси, «қарақалпақстан» радио каналы үлкен редакторы*

Жаңаланып атырған Карақалпақстанда ағартыўшы жәмийетти қурыўда, жәмийетлик-гуманитарлық сананы жаңалаўда, мәнаўийлик өсиў жолында, актуаль мәселелердиң бири «Карақалпақстан энциклопедиясы » атамасында академиялык коп томлық таярлаў, китап етип шығарыў келешек ўазыйпалардың бири болмақта. Сол көз карастан алғанда, ХХ-әсир нео+ағартыўшы, универсал зиялының бай мийрасларын жыйнап, илимий баҳалап «Сейфулғабит энциклопедиясын» дүзиў ҳәм илимий-педагогикалық жәмийиетшиликте, тарийхый-ағартыўшылықта пайдаланыў мәнаўийлик раўажланыўда орны ҳәм әҳмийети үлкен болып табылады.

ХIХ - әсир ақыры – ХХ - әсир биринши шерегинде қубла Арал бойында төменги Әмиўдрья алабында этномәдeният, этнопедагогика, неоағартыў шылық (жадидшилик), ғалаба хабар қураллары (баспа сөз, китап баспасы), театр көркем өнери, музейтаныўшы ҳәм басқа да жәмийетлик-гуманитарлық тараўларда белсендилик, пидайылық хызметлери менен мәнауийлик мәртлик көрсеткен, тереӊ из қалдырған- сегиз қырлы әжайып, « универсал» интеллектуал элиталардың бири - Сейфулғабит АбдулМәжит улы- Абдирахип атасының өмир мәўритлери, тарийхый сабақлары, әсиресе- миллий мәдeният арбабы Сейфулғабиттиң мийрaслары, жәмийетлик социаллық турмыста тарийхый көз караслары гуманитарлық (тарийхтаныў илиминде) арнаўлы изертлеўге миясар ҳәм орны бары анық.

Көк тениз, Әмиўдарьяның бир тармағы «Таллак» арнасындаға «этнодүнья», этномәканның социал-экономикалық аўхалы туўралы не билемиз? Бул, тарийхый географиялық «фронтир» ҳәм этномәдений ланшафт көп әсирлик тарийхына ийе.

Қубла Арал диярының титул этносы қарақалпақлар менен «симбиозлыкта» жасап киятырған киши жүздиң «жети руўы» микроэтнослары, «төменги» ҳәм

«жоқарғы» яўмытлар, «араллы-өзбеклер», «араллы қоңыратлар», «араллы-маңғытлар», азылы-кем санлы диаспер «хийўалы сартлар» фасылға байланыс жасайды. Сол кийели ата мәканға Едил (Волга), Жайык (Урал) ҳәм Жем (Эмьба) дәрьялар ҳәм кеңисликлер аралығындағы «ураллы казак»лар диасперасы, башкурт-ештек /остяк/ ҳәм «ноғай-татар»лар ўәкиллериниң миграцияда келиўи дәстурийлик болған. Соның бир «аргумент ҳәм факты» ноғай-татар Абдулмәжит Абдирип үлкен шаңырағы менен « Таллак» арнасы бойына пана излеп келген.
Ол «Ак тобе» аймагынан Үстирт арқалы Қоңырат беклиги, «Таллак» арнасы бойында кең жайлаў жасыл мәканда кутлы мәкан басқан. Аўыз еки тарийхқа сүйенсек ол Кулен болысқа үлкен қызы Менгли жамал сулыўды берген.Таллак бойы ел журт ушын параўан, тоқшылық мәкан болған. Бердақ бақсы шайырда: «Кулен бай болыс замийиндеги үлкен баў-бағшыларды көрип ақыбети қайырлы болгай!» - деген екен.

Сол, «төрт жағы кубла» параўан ҳәм кәнли жердиң этномәкан ийеси, қандекли Кулен бай исбилермен, балыкшы, баў-бағлары көп, заманына сай ақ патша «болысы» ҳәмелди журиткен жәмийетлик әрбап шахс болған. Ол, Абдимажит шаңырағы менен куда-кудағай болған. Бул өз гезегинде Сейфулғабит Абдимәжит улының экономикалык ҳәм мәдений өсиўинде таяныш ҳәм суйениш болған еди.

Ағартыўшы зиялы Сейфулғабиттиң жаслық дәўирдеги өмир тәжирибесин алған мәканы: Әмиўдәрьяның оң тармагы «Таллақ » арнасы (Кулен бай-исбилермен болыс) тарийхый сакрал объектте жасады. Ол сол мәдений ланшафта Бердақ бақсы сазгер, шайыр данышпан менен танысады. Ол инсан молла Коразбек қыссахан шайыр менен мәнауийлик сәўбетте болған. Порлытаўлы отырықшы шыншырлы хожалар насби, Айымбет ахун-ийшан улы Шермухаммед (Шербай) ахун менен дийдар несип болған.

Ағартыўшы жадидши Сейфулғабиттиң тәлим-тарбия ҳәм кәсипшилик, «жана жәдид» усылда окытыў өнерин уйрениў билим бостаны кайсы кийели жерлер болған? : Ол инсан арқа региондағы «Хәким -ата» мешитинде Аббаз ахун менен, «Жантемир ийшан» аўыллық мешитинде: Сәрсенбай ахун менен дос яранлар болған еди. Коңырат ҳәм Хожели қаласында жаңа жадид усылда устаз оқытыўшылық кәсипте талим-тарбия көнликпелерин жетилистирди.

Сейфулгабиттиң перзентлерине ғамхорлығы ҳаққында архивлик дерек. 1917 жылы 7-майдағы Чимбай участкасы «Таллық» болысы, № 1-аўыл турғыны «Сейфулгабит Маджитов «Прошение»: (өтиниш намасы)нда : Мырза

инспекторға Петро-Александровск қаласындағы үш класлық интернат училищесине Рахимжан (14-жаста) бос ваканция болса қабыл етиўин, баласы мусылманша саўатлы, «Таллык» волостан исеним хат (удостверение) алып келгенин мәлим еткен.[1] Улкемиздеги «рус-тузем » мектеп- ҳәм училищеде жергиликли зийрек балалар тәлим-тарбия алған, олар рус тили (дилмашлық), арифметика, география, тарийх, узбек тили, диний нызамлар уйренген.

Тарийхый ағартыўшы Сейфулгабиттиң бай өтмишке, тарийхый шахсларға деген «тарийхый көз қараслары» ның қәлиплесиўи қалай басланган ?…

Арал дийрының «этнодүньясы» менен жақсы танысыўы, эрудитли зиялының «өзге»лер арасында өзлик болған, жасаган ел-журттың тарийхый тулғалары туўралы жақсы түсиник ҳәм мағлыўматларға ийе болған.

Қарақалпақлардың көп жасаған кексе каттықулак иманлы аталарымыздың социаллық яднамасында: «Есенгелди мехремлик заманда, Айдос ҳәким болғанда ел-журт абад ҳәм параўан жасады», деп шын сөзлер, «әсирлер саза»сынан әдил ҳәм аўыз еки тарийхтан мағлыўмат берген. «Батырлардың заманында, Есенгелди заманында, Айдос бийдиң даўранында, қорлық көрмей турып единң..» деп ағартыўшы арбап, жәмийетлик тарийхый көз- қарасын жазды.

Ол инсан қаракалпаклардың интеллектуаль элиталары: «Айдос бий менен Маман бий» мүнасибети туўралы социаллық яднаманы китапқа киргизди. Ерназар бий (алакөз), Алаўшы батыр бий менен Ерназар аталык қатнасыкларын, Хожаели ҳәкими Муртаза хожа, Нөкис аймағы «ҳәкими» (кырык жыл басқарыўшы болған) Инийт болыс Нияз улы ҳәм басқа да арбаплар ҳаққында жақсы «аўыз еки тарийхқа ийе болған, бул топланған социаллык яднамалары келешекте тарийхый ағартыўшылықта: «Алакөз батыр» атамада тарийхый пьеса дөретиўге, «қарақалпақ оқыў китабы» (1925) «Қарақалпақ әдебияты жыйнағы» (1928) китапларда пайдаланған еди .

ХХ-әсирдиң отызыншы жыллардан баслап, ағартыўшының өмиринде - тәшўишлер, гуреслер, қысым етиўшилик, жан уясынан көшириў, ашық қуўдалыўшылық басланды.

«Сейфулғабит таныўшылық» мәселелери қандай, қәйтип басланды?. Қарақалпақстанның жаңа тарийхында «ақ излер» болған актуаль мәселелер: миллий мәденияты ҳәм әдебияты, миллий баспа сөзи [2] ҳәм китап баспасы,[3] миллий театр көркем өнери [4] ҳәм мүзейтаныўшылық ислери, ҳалық билимлендириўи, жәдидшилик ҳәм илимий-педагогикасы тарийхында, тереӊ из

қалдырған интеллектуал элиталардың өмир мәуритлери ҳәм мийраслары жыйналынды ҳәм илимий үйрениле басланды.

Қарақалпақстан мәденияты ҳәм ағартыўшылығында Сейфулғабиттиң хызмети ҳәм орны:

Сейфулғабит мийрасларын дәслепки жыйнаўшылар ҳәм изертлеўшилер: ағартыўшы Қ.Айымбетов «қарақалпақта баспа сөз ҳәм жаңа әлипбе жумысы» атамадағы мақаласында Сейфулғабит Мәжит улының дәслепки қарақалпак әлипбесин дузиўши, ол үш атамада «окыў китап»ларын баспадан шығарғанын жазды.[6] Сол китапларға ККАО ОблОНО хызметкери, миллий музей хызметкери болған Н. А. Баскаков тюрколог, тилши илимпаз тәрепинен: сын шолыў үлгисинде көлемли библиографиялык макала жарияланды. Универсал ағартыўшының мәдений қурылыстағы хызметлерине: заманласы, кәсиплеси ҳәм ағартыўшы, филология илимлери докторы, этнотюрколог, Қаллы Айымбетовтың бахасы: «Ол инсан журналист, педагог, аўдармашы, драматург, прозаик, шайыр сыпатында сиясий жәмийетлик лирикасы, ағартыўшылык тараўларда ярым әсирлик дөретиўшилик хызметлер менен шуғылланған» - деп үлги етип көрсетти ал, сол және пикир идентивликте қайталанады. Журналист ағартыўшы «Еркин қарақалпак» газетасында (1927 жылы) редакцияға келген хатларды жыйнап, архивлик мийрас етип қалдырған. Шымбай интернат баслығы Жумек Орынбаевтың (22 январь 1927 жыл) жазған хаты, шымбайлы сазгер ҳәўескер Абдулманов қарақалпак музыкасы жок делинип жүрипти деп сорау хат жазған аркадағы советлик болыслықтан аўыл хабаршысы Тәжиахмет Сейтмамутов «Еркин қарақалпақ» газетасындағы ағамыз Сейфулғабит Мәжит улына сәлем хаты (1927 жыл.) сақланған.

1925 жылы ККАО халық ағартыўшылық тараўда С.Мажитовтың «Букварь» (Әлипбе) оқыў китабы шыққаны туўралы қазақстан жәмийетшилигине мәлим болған. Филология илимлери докторы, мәмлекетлик ҳәм жәмийетлик искер Наўрыз Жапаков: «Сейфулгабит Мажитов» интеллектуал әдебий искерлиги, фольклорлық мийрасларға пыдайылығына жақсы баҳа берди. Ол аўдармашы сыпатында, үлкен данышпан шайыр Фердоусийдиң «Шахнама» дастанынан «Сухраб» бөлиминен үш мың /3.000 / қосық қатарын аўдарғанын жазды, көркем әдебиятлар индикаторында: дилмаш С.Мәжит улы «Сухраб» дастанда жариялағанын коремиз. [7] «Шахнама» эпикалык поэзиялық дәстан XIX әсирлерде қарақалпақлар арасында Маңғыт Сайыпназар бий, беглер бегиниң иниси Молла Сейитбек аўдармасы тараған екен. Бул мийрас, дәслеп «Ақ туба»

елатында Худайназар бий, беглер беги китапханасында, соң «Жаңа базар» медресесинде устаз молла Мамут ахунның китапханасында сақланған еди.

XX әсир Қарақалпақ мәденияты ҳәм мәнаўияты, руухый-ағартыўшылығы, халық билимлендириўи, баспа сөзи, китап баспасы, коркем өнер, драматургия салаларында пидайылык хызмет еткен, ағартыўшы Сейфулгабит Мажит улының туңғыш сабаклықлар, ҚҚАО ның «Еркин қарақалпақ» газетаны шығарыўда (журналистлик, жуўаплы хаткерлик) хызметлери ҳаққында филология илимлери докторы әдебияттаныўшы Қырқбай Байниязов «Таң жулдызлары» атлы мийнетинде жоқары баҳалап көрсетти. Ол илимпаз «қарақалпақ жадидшилериниң сардары ағартыўшы Сейфулғабит Мажит улы» деп, илимий баҳасын әдил берди.

Сейфулғабит таныўшылықта, ф.и.к. әдебиятшы Абдирейим Насурыллаев: «Сейфулғабит Мәжитов мийраслары ҳаққында «Қарақалпақ совет әдебияты» атамадағы (1973 жыл) «Жоқары окыў орын»лар ушын оқыўлық китапқа киргизди. Қубла Арал бойы Әмиўдәрьяның теңизге куяр алабында «Таллақ» болыслығы «қәндекли» аўылында балалык, өспирим жыллар ҳәм егеделер кисилер заманындағы социаллык турмыстың ашшы-душшысын көрди, аўыллық мешит мектепте зийреклиги, тез хат жазыўда, заманлас досларына саўат ашыўда жәрдем берди. Ол энциклопедист ағартыўшы жасларға билим, тәлим тарбиясында Қоңырат мектеплеринде салмақлы үлес қосқан еди. Ол «Ана тилим қарақалпақ тили», деп бабаларымыздың кийели тилге жоқары хүрмет иззетте болған.

Архив хүжжетлерде Сейфулғабиттиң әкеси Абдулмәжит саўда менен шуғылланған ҳәм өзлик хожалығында бир нешше жузлеген кара маллары, атлары бар, бай шаңарак ийеси болған. ОГПУ мағлыўматына қарағанда, «Абдулмәжит байдын 140 бас қара мал, 26 бас аты болған» жазылған. Ол ул қызларына мешит медреседе тәлим-тәрбия ҳәм жоқары билим алыўға имканият жаратқан. Үлкен баласы Рахимжан Шораханда «орыс-тузем» училищесинде оқыған. Сейфулғабит ҳәм ул-кызлары (2- баласы) русша ҳәм туркий тиллерди жетик билген. Қоңырат «этнобазар» да Мәжит байдың арнаўлы баккал дүканы, саўда айналыста есапсыз «рубль», «гумис тенге»си болған, Европа типиндеги «неоқала» Нөкисте, Шымбай уездиниң халқы ушын орталық «жаңа мектеп» жадид - мектеп ашыў ушын- Сейфулғабит жадидши сыпатында бас қатырған, ҳәрекет еткен ел парўар, пидайы инсанлардың бири болды. Ол Нөкис болысы Иният Ниязов пенен жақсы қатнасықта болған. 1919 жылы августтағы

«Шымбай ўақыясы» Ураллы-қазақлар менен «әскерий симбиоз» болған, қызыл әскерлерге ҳәм шора (кеңес) ҳүкиметине қарсы турған Инийат болысхан (1920 жылы) ОГПУ тәрепинен репрессия болған еди.

ХХ әсирдин 20-жыл басларында Хорезмде «*Қазақ-Қарақалпақ областы»* дүзилди. Бул ўалаяттың хожалық ҳәм мәдений қәлиплесиўинде бир нешше зыялылар хызметлер етти. Олардан *Ораз Ерманов, Менлихожа, Ибниаминов, Коптилеў Нурмухамедов, Сейтғалий Агайдаров, Кәримберди Садуллаевлар менен бирге Сейфулгабит Мәжит улы* да Әмиўдәрьяның сол тәрепинде мәнаўият, руўхый-ағартыўшылық, баспа сөз, халық билимлендириўи саласында белсенди-пидайылық хызметлер етти.

Қарақалпақ зиялылары Хорезм Республикасында «*Нәзир*» жоқары лаўазымда хызмет еткен шахс Ораз Ерманов ҳәм ағартыўшы- Сейфулғабит Мәжитов биринширлерден болып Хорезмниң «Мийнет», ордени менен сыйлықланған.

Жуўмақлап айтканда ХХ - әсир Қарақалпақстан тарийхы, мәденияты, мәнаўияты, әдебиятымыз, миллий театр көркем - өнери ҳәм драматургия сында дәслепки сардары, жәдидши ағартыўшы, шайыр ҳәм журналист Сейфулғабит Мәжит улының мийраслары жаслар ушын үлги болатуғын, ҳүрмет етиўге ылайық, өз мәртебесине ийе, ажайыт шахс болып табылады.

**Пайдаланған әдебиятлар:**

1. ЦГА РК фонд: 26. опись 1. дело 1. 1917 год. 48- лист
2. К. Досымбетов О.Ж. Юсупов Каракалпакстан баспа сөзи Нөкис.1991. 59- бет
3. Оңғарбай Юсупов. Артықбай Кәлимбетов « Қарақалпақстан » баспасы Нөкис.1993. 68- бет
4. С. Мажитов «Таңламалы шыгармалары». Нөкис.1965, 15-бетте
5. О.Алеўов Каракалпакстанда педагогикалык коз караслар тарийхы
6. ЦГА РК. фонд: 26. опись дело 577, 46 бет
7. Женгис хаўазы. 1936. № 3, 4. саны